

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Masyarakat Jawa memiliki kawentar awit tradisi lan kabudayanipun. Tradisi lan kabudayan Jawa memiliki taksih dipunlestantunaken dumugi samemika. Tradisi memiliki turun tumurun saking para leluhur Jawa. Tradisi lan budaya memiliki kekalihipun mboten saged dipunuwalaken. Ing salebeting tradisi lan kabudayan memiliki ngewrat piwulang luhur ingkang badhe dipunwulangaken dhateng para generasi salajengipun. Ajaran utawi piwulang memiliki temtunipun minangka gambaran kangge nglampahi gesang ing jaman samangke. Supados para *generasi* penerus memiliki saged mangertosi *hakekat* gesang ing alam donya.

Kraton Ngayogyakarta lan kraton Surakarta minangka pusat kabudayan Jawa. Awit saking memiliki ing salebeting kraton memiliki, taksih dipunpangguhaken sedaya tradisi lan budaya Jawa. Tradisi minangka kegiatan ingkang taksih ajeg dipuntindakaken dumugi samemika. Mawerni-werni wujud budaya ingkang kapangguhaken wonten ing masyarakat Jawa. Salah satunggaling wujud budaya ingkang saged dipunikmati dening masyarakat inggih memiliki naskah-naskah Jawa ingkang kapangguhaken wonten ing perpustakaan kraton. Naskah-naskah memiliki temtunipun naskah ingkang dipunserat dening para pujangga Jawa.

Naskah memiliki mujudaken satunggaling karangan ingkang dipunserat mawi asta (Dipodjojo, 1996: 7). Wondene miturut Baroroh-Baried (1985: 54), naskah memiliki seratan asta ingkang ngewrat gagasan minangka asiling budaya ing *masa lampau*. Gagasan memiliki saking para pujangga Jawa ingkang paring kawigatosan

tumrap pagesangan rumiyin. Pramila para pujangga Jawi menika badhe paring pangertosan saha gambaran lumantar naskah-naskah ingkang dipunserat. Awit saking menika dipunkajengaken mliginipun para *generasi* masarakat saged mangertos kados pundi sejatosipun gesang menika. supados anggenipun badhe nglampahi gesang ing masarakat menika saged nuwuhaken gesang ingkang ayem lan tentrem.

Onions (lumantar Darusuprpta, 1984: 1) ngandharaken bilih naskah menika karangan ingkang kaserat mawi seratan asta, mliginipun ingkang asli utawi salinanipun ngewrat teks utawi rerangkening tembung saengga nuwuhaken waosan ingkang ngewrat makna tartemtu. Kandungan makna menika ngewrat *informasi* bab kabudayaan bangsa ing jaman rumiyin. Awit saking menika naskah minangka ungkapan gagasan awujud seratan ingkang ngewrat *informasi* budaya jaman rumiyin kangge para generasi salajengpun. *Informasi* menika saged awujud mawerni-werni tradisi budaya para leluhur, ingkang salebetipun menika ngewrat piwulang luhur. Dipunkajengaken para genarasi menika saged mangertosi lan saged nuladhani tradisi jaman rumiyin.

Piwulang Asthaguna menika salah satunggaling piwulang luhur ingkang dipunwulangaken dening para leluhur jaman rumiyin. Piwulang menika ndadosaken masarakat Jawi nggadhahi *pandangan hidup* minangka pandom anggenipun nglampahi gesang ing alam donya. Sabar, temen, welas asih, iklas menika salah satunggaling nilai piwulang Asthaguna ingkang dipunmangertosi tiyang Jawi. Temtunipun tiyang Jawi menika anggenipun nglampahi gesang mboten sedayanipun gangsar. Ananging mangsa kalanipun ugi manggihaken

pepalang utawi perkawis ingkang kedah dipunadhepi. Saking perkawis menika saged dipunpendhet piwulangipun. Piwulang menika ndadosaken pangengenget-enget tumrap gesang ing tembe.

Piwulang Asthaguna menika kalebet *informasi* ingkang kinandhut ing salebeting naskah-naskah Jawi menika temtunipun wonten gegayutanipun kaliyan gesangipun tiyang. Para leluhur jaman rumiyin menika sampun nggatosaken wiwit tiyang menika lahir dumugi puputing yuswa. Pramila keanekaragaman naskah-naskah Jawi ingkang dipunpanggihaken menika ugi mawerni-werni wosipun. Naskah-naskah Jawi menika karya sastra kathah ngewrat *nilai – nilai kearifan* ingkang saged dipunugemi minangka pandom kangge nglampahi gesang ing masarakat.

Salah satunggaling naskah Jawi ingkang wosipun ngengingi babagan piwulang estri menika naskah *Serat Candrarini*. *Serat Candrarini* menika naskah serat wedalan warsa 1729 (tahun Jawi). Bab menika katitik saking *kolofon* ingkang wonten ing wiwitaning serat kados ingkang kaserat ing ngandhap menika.

Kang hagnya gita srinata, ing Surakarta nagari, Paku Buwana kaping sanga, mangun wasitaning estri, ingkang cinitreng ari, respati tanggal ping pitu, Jumadilakir wulan, kang nem Be sangkaleng warsi, miyarsa trus ingkang sabda narendra. (Pupuh Sinm, pada 1)

Tegesipun : Sri Susuhunan Paku Buwana IX ing nagari Surakarta ngersakaken damel piwulang tumrap tiyang estri, ingkang kacariyosaken mawi tembang. Dipunserat wonten ing dinten Kemis surya kaping 7 Jumadilakhir, mangsa kaping enem, sinengkalan warsi “miyarsa trus ingkang sabda narendra”.

Adhedhasar pada ing nginggil kaserat sengkalan *miyarsa trus ingkang sabda narendra*. Menawi dipunudhar sengkalan *miyarsa trus ingkang sabda narendra* nedahaken angka 2971. Miturut tata caranipun sengkalan dipunwaos saking wingking. Pramila sengkalan kasebat nedahaken warsa 1729 (tahun Jawi), utawi warsa 1863 Masehi (Wahjono, 2004:71) .

Ing panaliten menika naskah serat ingkang dipundadosaken sumber panaliten inggih menika salinanipun naskah *Serat Candrarini* ingkang dipunsalin dening Subalidinata. Salinanipun menika dipunpanggihaken wonten ing perpustakaan Tembi, Bantul, Ngayogyakarta. Salinan teks *Serat Candrarini* menika awujud tembang macapat. Wosipun nasakah menika ngengingi bab piwulang estri.

Miturut pandhapuking tembung, *Candrarini* kadhapuk saking tembung *candra* kaliyan *rini*. *Candra* tegesipun gambaran utawi citraan, dene *rini* tegesipun wanita. Kanthi menika *Candrarini* tegesipun gambaran utawi citraan wanita. Gegambaran utawi citraan wanita ing ngriki inggih menika wanita utama minangka ibu (pemangku keturunan) saha minangka garwa. Katitik saking wosipun serat, kanthi umum *Serat Candrarini* ngewrat kalih bab, inggih menika panyandraning badan saha panyandraning watakipun wanita minangka garwa estri ingkang sae.

Serat Candrarini menika serat ingkang ngewrat bab piwulang tumrap tiyang estri mliginipun nalika sampun nglampahi balewisma. Serat menika ngandharaken kados pundi minangka jejering tiyang estri dhumateng garwanipun. Katitik saking

wosipun ugi, *Serat Candrarini* ngewrat piwulang tumrap wanita supados gesang bebrayan kaliyan garwanipun manggihaken kabagyan, saha tebih saking crah (*perceraian*). Amargi derajatipun wanita Jawi badhe asor menawi boten kasil anggenipun njagi kawetahan kulawarganipun. Bab menika kaserat wonten ing salebeting *Serat Candrarini* pupuh Sinom pada kaping tiga ing ngandhap menika.

Awit jenenging wanudya, pegat denny palakrami, nistha nir kadammanira wigar denira dumadi, sami lan mangun teki, kang badhar subratanira, punggel kaselan cipta, marwa saguning pawestri, marsudia widadaning palakrama (Pupuh Sinom, pada 3)

Tegesipun : wanita ingkang pegat anggenipun palakrama dipunwastani wanita ingkang nistha utawi asor derajatipun. Inkang saged ndadosaken ical kautamanipun. Menawi dipunpindhakaken tiyang mertapa, wanita ingkang pegat anggenipun palakrami dipunpindhakaken tiyang ingkang gagal anggenipun mertapa. Saha pedhot ing gagasanipun. Pramila tumrap saguning pawestri kedah nggegulang kaslametaning palakrami.

Piwulang estri ing salebeting *Serat Candrarini* kaandharaken lumantar paraga wayang. Bab menika amargi gesangipun masyarakat Jawi kaliyan wayang boten saged dipunpisahaken. Pramila sampun limrahipun bilih paraga wayang dipundadosaken minangka patuladhan tumrap gesangipun masyarakat Jawi. Jumbuh kaliyan andharanipun Triyono (1988:162) bilih gambaran pribadi ingkang kacariyosaken wonten salebeting wayang minangka perkawis ingkang sampun mapan saha sampun dipunsaahaken dening masarakat. Wondene ing salebeting *Serat Candrarini* patuladhan saha piwulang tumrap tiyang estri dipunandharaken lumantar para garwanipun Arjuna.

Saking sakathahipun garwa Arjuna, ingkang kaserat minangka patuladhan wonten ing *Serat Candrarini* wonten gangsal. Gangsal garwanipun Arjuna ingkang dipundadosaken simbol piwulang estri inggih menika Dewi Wara Sembadra, Dewi Manohara, Dewi Ulupi, Dewi Gandawati, saha Dewi Wara Srikandhi. Paraga – paraga kasebat minangka paraga ingkang nggadhahi sipat setya sanajan dipunmaru dening garwanipun. Kejawi menika, paraga Arjuna minangka paraga ingkang kathah dipungandrungi dening tiyang Jawi, pramila kanthi menika masarakat Jawi temtu ugi badhe tepang kaliyan para garwanipun Arjuna.

Serat Candrarini ngrembag panyandraning wanita utama lumantar para garwanipun Arjuna minangka patuladhan. Gangsal garwanipun Arjuna dipunandharaken kanthi panyandra ngginakaken basa rinengga. Sedayanipun dipuncandra kanthi sae. Bab menika minangka salah satunggaling tandha bilih garwanipun Arjuna menika sulistya ing warni lan tansah damel remen mring garwanipun. Kejawi nggadhahi kawontenan *fisik* ingkang ngremenaken, para garwa Arjuna ugi nggadhahi watak wantu ingkang sae. Kanthi makaten, wanita utama boten namung kedah njagi kawontenan fisik kemawon, ananging kedah nggadhahi watak wantu ingkang sae minangka garwa.

Kejawi menika, sinaosa wosipun *Serat Candrarini* dipuntujokaken kangge wanita ingkang sampun nglampahi gesang ing balewisma, mliginipun malih balewisma ingkang ngecakaken *sistem poligami*, ananging boten ateges bilih piwulang ing salebeting *Serat Candrarini* lajeng boten saged dipunginakaken tumrap gesang kados adat limrahipun. Piwulang ing salebeting *Serat Candrarini*

saged ugi dipunginakaken kangge sinten kemawon sanajan boten nglampahi balewisma kanthi *sistem poligami*. Bab menika jalaran piwulang ingkang wigati sanget tumrap gesangipun tiyang. Ing salebeting serat menika, saged dipundhudhah saking sudut pandhang sanesipun inggih menika bab piwulang Asthaguna. Piwulang menika wonten gegayutanipun kaliyan pendidikan budi pekerti. Menapa malih ing jaman samenika sampun kadadosan *krisis moral* ingkang njalari katentreman menika mboten saged dipuntuwuhaken.

Adhedhasar gambaran wosing *Serat Candrarini* ing nginggil menika, piwulang Asthaguna menika salah satunggaling piwulang ingkang wonten gegayutanipun kaliyan pendidikan karakter. Pendidikan karakter menika wigatos sanget mliginipun menawi dipuncakaken ing pamulangan jaman samenika. Jumbuh kaliyan teks *Linggamaya* ing ngandhap menika kaandhareken,

Yeka mangka srananing dumadi, tumanduke marang saniskara, manungsa apa kajate, sinembadan sakayun, yen dumunng mring wolung warni, ingaran asthagina, iku tegesipun, wolung pedah tumrapira, marang janma margane mrih sandhang bukti, kang dhingin winicara. (Pupuh Dhandhanggula, pada 3)

Wondene Asthaguna ingkang dipunsebataken wonten ing salebeting teks *Linggamaya* minangka wolung piwulang ingkang dipunginakaken kangge nampi sedaya ngelmu kasampurnaning gesang. Wolung piwulang menika ing antawisipun: sabar, rilan, temen, pasrah, asih, tresna, remen pitulung, saha ngapura. Kados ingkang sampun kaandharaken ing nginggil menika, bilih *Serat Candrarini* menika ngrembag bab piwulang estri. Ananging saking *Serat Candrarini* menika ugi saged dipunbedhah ngengingi bab piwulang Asthaguna

ingkang kinandhut ing salebeting *Serat Candrarini*. Nilai piwulang Asthaguna menika dipungayutaken kaliyan cak-cakanipun nilai *pendidikan karakter* ing pawiyatan.

Pendidikan karakter menika salah satunggaling cara ingkang dipungiyataken kangge ngetrapaken karakter sae dhateng para siswa. Ancasipun ing tembe supados siswa-siswi menika nggadhahi karakter ingkang kiyat kangge ngadhepi owah gingsiring jaman samenika. Prelunipun ngetrapaken proses pendidikan karakter ing pawiyatan menika kangge mujudaken siswa-siswi ingkang nggadhahi budi pekerti ingkang sae. Supados saged mumpangati ing masarakat temtunipun ing tembe.

Ing jaman samenika kathah perkawis-perkawis *krisis moral* ingkang dipuntindakaken dening para siswa-siswi sekolah. Kasus ingkang dipuntindakaken dening siswa sekolah antawisipun tawuran kaliyan siswa sekolah sanes, pelecehan *seksual*, kasus siswa mbobot, kasus geng klithih pelajar, main judi, mabuk utawi miras, mbolos sekolah, kasus pencurian dening pelajar, perkawis ketidaktertiban siswa antawisipun remen mblandhangaken asta spp, remen dora dhateng bapak ibu guru, *ketidaktertiban dalam berseragam*, unggah-ungguh ingkang kirang santun dhateng bapak ibu guru.

Jumbuh kaliyan perkawis ingkang tuwuh ing lingkungan pelajar menika, nuwuhaken raos prihatos. Awit saking menika dipunbetahaken upaya kangge nyegah utawi mrantasi krisis moral ing kalangan siswa-siswi sekolah. Piwulang Asthaguna ing antawisipun sabar, rilan, temen, pasrah, asih, tresna, remen pitulung, saha ngapura. Sikap utawi karakter menika wajib dipungadhahi dening

siswa. saengga *kualitas* siswa ing jaman samenika, sanesipun nggadha hi pengetahuan saha ketrampilan ingkang mumpuni ugi dipunkantheni kanthi karakter kasebat. Bab menika kanthi ancas bilih menawi siswa mboten dipunkantheni kanthi karakter kasebat, perkawis-perkawis ing pelajar menika mboten saged dipunatasi. Awit saking menika siswa kedah saged ngendhaleni dhiri pribadi.

Kadadosan ingkang sesambetan kaliyan budi pekerti ugi kapanggihaken wonten ing salebeting pawiyatan. Tahun 2018 ing tlatah Jawi Timur wonten satunggaling prastawa ingkang nedahaken *krisis moral*, inggih menika sawijining siswa tumindak aniaya dhateng gurunipun. Nalika pamulangan ing salebeting kelas siswa kasebat boten nggatosaken ananging malah tilem. Guru lajeng paring *teguran* ingkang njalari siswa kasebat boten trima. Sabibaripun sekolah siswa lajeng ngadhang Guru ing madyaning margi, lajeng Guru kasebat ngalami tumindak aniaya dening siswa. Tundhonipun Guru kasebat ngantos seda. Bab menika kadadosan wonten ing. Bab menika minangka pratandha bilih siswa kasebat sampun kumawantun saha kiranging raos urmat siswa dhateng gurunipun. Ateges siswa boten gadhah raos ngajeni dhateng Guru ingkang kalenggahanipun langkung inggih tinimbang siswa.

Kadadosan–kadadosan menika nedahaken bilih budi pekerti sampun wiwit ewah saking tatanan ingkang samesthinipun. Budi pekerti ateges watak saha patrap tiyang gesang minangka wujud asil penggalihanipun (Endraswara, 2003: 2). Cak-cakanipun budi pekerti ingkang ewah menika dados salah satunggaling tandha risakipun bangsa. *Indikator* risaking bangsa antawisipun: (1) mindhakipun

tumindak kasar rumaja saha siswa; (2) panganggening basa saha tembung kasar; (3) pangaribawanipun klompok rumaja ingkang langkung kiyat tinimbang tiyang sepuh menapa dene guru; (4) mindhkipun tumindak ngrisak dhiri kanthi ngginakaken narkoba, rokok, alkohol, saha *seks* bebas ing rumaja menapa dene siswa; (5) icalipun paugeran budi pekerti sae saha awon; (6) mandhapipun *etos kerja* kadosta boten nggarap PR, asring mbolos, kluyuran ing wekdalipun sekolah, saha lelinguhan ing sapringgiring mergi; (7) mandhapipun raos hurmat dhateng tiyang sepuh saha guru; (8) mandhapipun tanggel Jawib pribadi saha warga negari; (9) mbudayakaken tumindak boten jujur; saha (10) ngrembakanipun raos sengit, cubriya, sarta mungsuh antawisipun sesami (Megawangi, 2007: 57).

Saking andharan ing nginggil menika, perkawis-perkawis *krisis moral* ing kalangan pelajar kathah sanget lan mbetahaken kawigatosan sedaya pihak. Bab menika ugi wonten gegayutanipun kaliyan pendidikan karakter ingkang samenika nembe dipuntengenaken ing madyaning masarakat ugi ing pawiyatan. Bab piwulang Asthaguna menika wonten gegayutanipun kaliyan pendidikan karakter ing pamulangan. Nilai-nilai piwulang asthaguna menika taksih wonten jumbuhipun menawi dipuncakaken ing pamulangan. Awit saking menika ingkang njalari panaliti badhe ndhudhah piwulang Asthaguna ing salebeting *Serat Candrarini* saha jumbuhipunpun ing pamulangan.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken ing nginggil saged katemtokaken underaning perkawis. Wondene underaning perkawis kados ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Piwulang *moral* sampun boten dipunanggep, kapojok, saha dipuntilaraken
2. *Pengkajian naskah* saged dados bahan kangge *merekonstruksi nilai-nilai* ing jaman nalika naskah menika lair utawi dipunserat.
3. Piwulang Asthaguna ing salebeting *Serat Candrarini*
4. Jumbuhipun piwulang Asthaguna ing pamulangan

C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis ing nginggil saged katemtokaken watesaning prakawis inggih menika Piwulang Asthaguna wonten ing *Serat Candrarini* saha jumbuhipunpun ing pamulangan.

D. Wosing Prakawis

Wosing prakawis panaliten menika adhedhasar underaning prakawis saha watesaning prakawis. Adhedhasar underaning prakawis saha watesaning prakawis ing nginggil, wosing prakawis ing panaliten inggih menika, kadospundi piwulang Asthaguna wonten ing salebeting *Serat Candrarini*, saha kadospundi jumbuhipun ing pamulangan.

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing prakawis ing nginggil menika, ancasing panaliten inggih menika:

1. Ngandharaken piwulang Asthaguna wonten ing salebeting *Serat Candrarini*
2. Ngandharaken jumbuhipun piwulang Asthaguna ing pamulangan.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika kaangkah saged caos paedah *teoritis* menapa dene paedah *praktis*. Paedah *teoritis* saking panaliten menika minangka tambahing

seserepan saha *informasi* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan garapan teks *Serat Candrarini*. Piwulang Asthaguna ing salebeting *Serat Candrarini* menika saged caos wawasan mliginipun kangge para dwija kangge ngecakaken nilai pendidikan karakter ing pamulangan.

Paedah *praktisipun* inggih menika data-data asiling panaliten kaangkah saged nggampilaken pamaos ingkang badhe mangertosi wosing *Serat Candrarini* saha mangertosi jumbuhipun tumrap gesang bebrayan ing jaman samenika. Tundhonipun saged caos *kontribusi* tumrap piwulang budi pekerti wonten ing pawiyatan menapa dene ing masarakat.